

Roger Platt, MD
Director
Office of School Health
49-51 Chambers Street
Room 600
New York, NY 10007

Jen 2009

Chè Paran (yo) oswa Gadyen legal (yo):

Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) ap ekri w pou fè w konnen yon egzijans nan règleman Leta Nouyòk sou vaksinasyon ki ka afekte pitit ou a.

Pou ane akademik 2009/10, tout elèv k ap antre nan klas 6^{yèm}, 7^{yèm} oswa 8^{yèm} ane oubyen ki gen laj pou lekòl oswa ki nan pwogram Edikasyon espesyal, ki gen 11 zan oswa ki pi gran, dwe pran vaksen tetanòs "Tdap" ki gen yon toksin tetanòs, difteri ak koklich san selil men ki pa gen efè toksik ankò.

Si yon elèv pran yon vaksen tetanòs (Td, DT, oswa DTaP) nan peryòd de dènye ane ki sot pase yo, nou ka kite dezan pase anvan li pran l ankò. Sepandan, ou dwe soumèt dokiman ki pwouve sa ba lekòl pitit ou a. Tanpri sonje ke si pitit ou a pa pran vaksen li sipoze pran yo kòm sadwa, lekòl la ap ranvwaye l.

Nou pa p egzije elèv ki gen dizan k ap antre nan klas 6^{yèm} ane pran yon vaksen Tdap, epi lekòl la pa p ranvwaye yo, men yo dwe pran vaksen an lè yo vin gen 11 zan. Antwòt, elèv ki gen 10 zan ka pran vaksen Tdap a nan klinik doktè yo konn ale a.

Si w gen kesyon konsènan vaksen sa a, tanpri diskite sou sa avèk doktè w oswa kontakte enfimyè nan lekòl pitit ou a. Mèsi pou koperasyon w pou sa a.

Ak senserite,



Roger Platt, MD, Direktè
Biwo pou sante nan lekòl